



Canadian Centre for International Justice
Centre canadien pour la justice internationale



UBUTUNGANE KU BAHONYOREWE AGATEKA KABO KA ZINAMUNTU: NI MU BURYO UBUHE CCIJ YOGIRA ICO IGUFASHIJE?

► INSIGURO YA CCIJ

Ikigo c'ubutungane mpuzamakungu co muri Canada n'ikigo gikwiye mu gihugu cose, c'abagiraneza, cita ku gateka ka zina muntu gifise icicaruru muri Ottawa. Ico kigo CCIJ gikorana n'abashoboye kurokoka ihonyabwoko, ugutotezwa, gukubagurwa, hamwe n'ayandi mabi mu buryo bwo kurondera ubutungane no gufata abagirizwa ayo mabi. Turigenga, turi ishirahamwe ridaharanira inyungu kandi ntabwo turi ishahi ry' ubutegetsi bwa Canada.

► NINDE YUNGUKIRA KUBIKORWA VYA CCIJ?

Abakorana na CCIJ n'abantu barokotse ikubagurwa ry'agateka ka zina muntu canke abantu bafise ico bapfana ca hafi n'abantu bapfuye bivuye mw'ikubagurwa ry'agateka ka zina muntu canke abantu mu buryo bumwe canke buriya badashobora ubwabo kudushikira.

► NI IKI CCIJ YOGUFASHA?

CCIJ ikora nk'isoko ryo gutanga amakuru ku banywanyi bacu kuvyerekeye ingene bokwitwara barondera ubutungane kandi turabafasha kubarondera inzira bocamo kugira babishikemo. Turagerageza kuronderera ingene twofatisha abagirizwa ayo mabi kugira basubirizwe mu nkoko yivyo bakoze. Igihe CCIJ ironse inkuru yuko uwagirizwa guhonyora agateka kazina muntu abarizwa canke azotemberera Canada, canke akaba ari mu murwi canke ishirahamwe ry'ubudandaji muri Canada, turashobora gutanguza itohoza. Kenshi, inkarutasi zabigenwe z'ubutungane z'umunywanyi nizo mburano zemewe n'amategeko ku muntu yakozwe amabi. Nyuma yuko itohoza ry'intango rya CCIJ ritunganiye, niba umunywanyi yipfuzza kubandanya urubanza canke kugira ibindi yorukurikiranako, CCIJ izofasha mu kurungika uwo munywanyi ku muntu abishinzwe, canke ku kigo kibijewe kugira ibintu bibandanye bija imbere. CCIJ ntabwo itanga uwuyiserukira mu mategeko ariko ibandanya ikurikiranira hafi ivyerekeye urwo rubanza kandi igashigikira umunywanyi mugihe cose c'urubanza.

► N'UBUHE BWOKO BW'IMANZA UMUNYWANYI ASHOBORA GUKURIKIRANA?

CCIJ irashobora gufasha abanywanyi bayo gukurikirana ubwoko bukurikira bw'imanza:

IMANZA ZO MURI CANADA NO HANZE YA CANADA CCIJ irakora amatohozwa ashobora gushikirizwa leta ya Canada canke amaleta y'ibihugu vyo hanze canke sentare mpuzamakungu kugira bagire ico bavuze mu gucira urubanza abagizi ba nabi bahonyanze agateka ka zina muntu. Mu gihe itohozwa ritaronse ivyagirizi bikwiye kandi umunywanyi akaba yipfuzza kubandanya gukurikirana urubanza tuzokora ibishoboka vyose ngo tuvugane n'abategetsi babijewe. Niba leta canke sentare vyerekanye ubushake buke bwo gukurikirana urwo rubanza, CCIJ izofasha umunywanyi wayo bavugana n'abo bategetsi kandi izoshikiriza ivyagirizi yamazwe kwegeranya. Mu gihe urubanza ruzoba rushikirijwe leta canke sentare tuzobandanya kuraba ko urubanza ruriko rukurikiranwa mu nzira nyayo no mu butungane ntangere. Bikenewe, naho nyene tuzogira ico dushikirije abacamanza biramutse bibonetse ko bikenewe.

IMANZA ZO MURI SENTARE ZO MURI CANADA CCIJ irashigikira imanza mvamakungu bivuye kuvyipfuzo vy'umunywanyi wabo canke naho leta ya Canada yerekanye ubushake buke canke naho itagomba gucira urwo rubanza. CCIJ irashigikira kandi ukuzana kw'inkozi z'ikibi muri Canada kugira zihacirirwe urubanza mugihe ibindi bihugu vyokwerekana ugushaka guke canke ukutagomba kubikora.

KWAKA UBWENEGIHUGU, KWIRUKANA, NO GUSUBIZWA IWABO KW'INKOZI Z'IKIBI CCIJ irashigikira ibihano vyo kwirukana bifatirwa abimukira bahonyanze agateka ka zina muntu mu bihugu bavamo nk'uburyo bwonyene bwa nyuma mu gihe ubundi buryo bwose bw'ubutungane budashobora gukoreshwa. CCIJ ntiyemera iyirukanwa ryose rishobora haba muri kazoza itotezwa rya kiremwa muntu canke rigatuma abagizi ba nabi bashobora gutoroka.

INDISHI Y'AKABABARO KU BANYWANYI CCIJ irafasha abanywanywi gukurikirana indishi z'akababaro biciye ku mahera canke imfashanyo bihabwa abakorewe amabi.

ISEKEZA RYO KUMENYESHA IBI BIKORWA CCIJ irarongora ibiganiro vya bose kugira imenyeshye ingorane zo kudahana hamwe nuko hariho abahonyoye agateka ka zina muntu baba muri Canada.

▶ **N'ABAHONYANZE GATEKA KA ZINA MUNTU NYABAKI CCIJ IKORAKO ITOHOZA?**

Amatohoza menshi CCIJ ikora arashiramo abantu bagirizwa uguhonyanga agateka kazina muntu. Turatohoza kandi ivyaha vyakozwe na leta z'ibihugu mvamakungu, vyakozwe na leta ya Canada, amashirahamwe y'ubudandaji hamwe n'ayandi nk'abarwanyu ba kanyeshamba, imihari n'imirwi ifatanije nabo.

▶ **N'IBIHE VYAHA VYO GUHONYORA AGATEKA KA ZINA MUNTU CCIJ ITOHOZA?**

Mu vyukuri, CCIJ ntabwo itohoza amabi y'ubwoko bwose. Kubera dufise uburyo buke, tugera gashyamba gukurikirana igitigiri gito c'amatohoza. Uguhonyanga agateka ka zina muntu dutohoza ni kamwe gaharurwa n'amakungu ko kabaye agahomeramunwa. Turashobora gutohoza bijanye n'uburyo dufise ibikorwa vy'ikubagurwa, nukuvuga ikubagurwa rirenze ukwemera ryakoze n'abategetsi batwara, na cane cane iyo umuntu afunzwe hanyuma akicwa bidacye mu butungane, ubwo bwicanyi bwakozwe n'abari ku butegetsi. Iyo umuntu arokoze ikubagurwa canke ukundi guhonyangwa kw'akateka kiwe bikaba bikozwe n'ubutegetsi buriho ico gihe, CCIJ irashobora gufasha uwo muntu mu kwitwarira iyo leta. Iyo naho umuntu afise ico apfana ca hafi n'umuntu yishwe na leta iriho, umurwi urwana canke abarwanyu ba kanyeshamba, CCIJ irashobora gufasha itanguzwa ry'itohozwa.

▶ **N'IBIKI UMUNYWANYI ASHOBORA GUKORA MUGIHE URUBANZA RURI MUGUTANGURA?**

Ivyo umunywanyi ajejwe biva ingene urubanza rumeze canke nimba umunywanyi atoraniye kuzobandanya akurikirana urubanza. Mumanza zose, umunywanyi azotegerezwa gutanga muri CCIJ inkuru zimwerekeye ubwiwe, kandi ido n'ido kuri kahise kiwe. Turumva neza ingene bishobora kuba ibigoye kugira nsigure ibijanye n'inkuru y'ukubabazwa hanyuma natwetuzoca dufata iyambere mugushigikira umunywanyiwacu. Turasaba kandi nimba ar'iribishoboka, kuronka imfashanyo ivuye kumunywanyi kugira turonke ivyabona hamwe n'ivyemeza ivyamubayeko. CCIJ irafise amategeko akomeye cane yogukingira amabanga y'abanywanyi bayo. Ntadushoboragutanga ibiranga abanywanyi bacu bivuye kuri webwe, ivyabona canke hamwe abo twavuganye canke aho amakuru y'ibanga twaronse ataruhusha baduhanye, naho ari uko, Sentare niyo yonyene ishobora kudutegeka gutanga za amakuru araba abanywanyi bacu. Naho umunywanyi yohitamwa kubandanya gukurikirana urubanza bw'inkozi zibibi, imburano canke gukurikirana mu mategeko urwo rubanza, umunywanyi azoba asa n'uwuriko ikirego muri Sentare imbere y'Umucamanza. Birashoboka mubihe bimwe na bimwe ko ibiranga umunywanyi bidashirwa ahabona mu bantu ariko uwagirizwa mur'urwo rubanza arafise uburenganzira bwo kumenya amazina y'ivyabona vyatanze inkuru.



▶ **ABANYWANYI BOBA BARONKA AMAHERA KUBERA BAGIZE ICO BAKORA MUR'URWO RUBANZA?**

Igihe umunywanyi yiyemeje kubandanya gukurikirana urubanza canke gusubirwazwa agateka kiwe, haraho umunywanyi ashobora kuronka amahera ariko vyama bisa naho bigoye, kandi ntibishika burigihe. Ntacokwemeza ko umunywanyi azoronka agashirukabute canke amahera bivanye n'urwo rubanza.

▶ **URUBANZA RUSHOBORA GUTWARA UMWANYWA UNGA NAGUTE?**

Kenshi na kenshi imburano zicye mumategeko zama zafashe igihe kirekire cane kugira ngo zishike kundunduro. Amatohoza y'intango ya CCIJ arashobora gufata amazi menshi gushika kumwaka wose. Gukurikira urubanza bisaba kenshi amezi menshi cane. Mugihe urubanza ruhejeje kwandikwa ku nkaratasi, igihe urubanza nyenzina ruzofata ruzoterwa nuko uwagirizwa ubukozwa bw'ikibi yifata muri urwo rubanza. Mu vyukuri, urubanza uko ruri kose rurashobora gufata hafi y'imyaka itatu canke ine ndetse n'iyirenga. Umunywanyi asa n'aho azotakaza haf'iminsi cumi buri mwaka akorana na CCIJ canke abazomufasha kumuburanira, atanga icabona, agenda kuri Sentare canke akora ibindi bikorwa bijanye n'urwo rubanza. Naho ibindi bikorwa bitajanye n'urwo rubanza bishobora gutwara umwanya muto.

▶ **UMUNYWANYI YOBA NONE ASABWA KURIHA AMAHERA KUGIRA AMATOHOZWA CANKE HASHOBORE GUTANGUZWA URUBANZA?**

Oya, CCIJ canke ababuranira abandi canke abatwara iryo shirahamwe bazotanga amahera yase azokenerwa kugira amatohozwa akorwe canke urubanza rushobore gucibwa. Ushaka

Kuvugana na CCIJ, usabwe guca kuri coordinator azwi n'amatengeko: Matt Eisenbrandt

Kuri terefone: (613) 744-7667, ext. 266

Ku murongo w'ubuhinga bwanone: meisenbrandt@ccij.ca

Agasanduku k'amakete: 312 Laurier Avenue East

Ottawa, Ontario K1N 1H9



Igiharuro c'imfashanyo:
86575 9088 RR 0001



Produced with support from
the Law Foundation of Ontario